

Èske ou REAL☆ID'd?

REAL ID se règ ak prensip Department of Homeland Security pou amelyore entegrite ak sekirite lisans chofè ak kat ID leta yo bay. Règ ak prensip yo ap ede batay kont teworis ak redui fwod. Lisans ak kat ID dapre REAL ID gen yon sèl etwal koulè lò nan kwen dwat pa anlè.

Egzijans pou REAL ID: Ou dwe fè sa anpèsòn ak pote fòm idantifikasyon espesifik ki pwouve dat ou fèt, nimewo sekirite sosyal ou, ak adrès kay ou. Lis ki anba la a gen ladan dènye dokiman komen ki itilize. Dat limit pou konfòmite se, 1 oktòb 2020.

Tcheke tan pou tann nan oswa pran yon randevou sou sitwèb nou. Voye tèks "waitpbc" ba 41411 pou tan pou tann nan moman ak kantite kliyan nan liy. Ou ka peye tarif nòmal pou mesaj.

1. Idantifikasyon: Imigran

Pote **yon:**
(orijinal
oswa kopi
sètifye)

- Kat resi anrejistreman etranje valab (Grinkat, Fòm I-551)
- I-551 ki sele nan yon paspò valab oswa sou Fòm I-94
- Lòd Jij Imigrasyon, avèk nimewo A aplikan an, ki akòde azil
- I-797, avèk nimewo A aplikan an, ki endike yo te akòde azil pou aplikan an
- I-797 oswa yon lòt fòm ki sòti nan Biwo Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon, avèk nimewo A aplikan an, ki endike yo apwouve aplikasyon aplikan an pou sitiyasyon Refijye

Chanjman Non: si w te chanje non ou legalman nan maryaj oswa lòd tribinal, ou dwe gen non an chanje nan dokiman Sèvis Sitwayen ak Imigrasyon (CIS).

2. Nimewo Sekirite Sosyal

Pote **yon orijinal:** (ki montre prenon ak siyati ou ak nimewo sekirite sosyal ou)

- Kat Sekirite Sosyal (fèt pou se yon orijinal ki gen prenon ak non fanmi ou)
- Fòm W-2
- Souch chèk peman ki montre Nimewo Sekirite Sosyal ou
- Fòm 1099
- Si ou pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal: Pote yon lèt Administrasyon Sekirite Sosyal ki endike yo pa t janm ba ou youn. Answit, w ap bezwen prezante omwen yon prèv ID nan lis ki anba la a:

- Dosye lekòl ki endike dat ou fèt, ki dwe gen siyati
- chèf divizyon lekòl la Kopi dosye nesans ou yon ofiosye eta sivil ki gen responsablite pou anrejistre sètifika
- Yon kontra asirans sou lavi kliyan an ki te anvigè pandan omwen dezan epi ki gen mwa, jou, ane ou fèt la
- Sètifika Anrejistreman Veyikil Florid oswa sètifika anrejistreman deyò eta a (si non dat nesans ou endike ladan)
- Dosye lisans chofè Florid, dosye kat idantifikasyon Florid, oswa resi kopi dènye lisans Florid ou te resevwa
- Fòm Imigrasyon I-571
- Papye maryaj
- Lòd tribinal, ki gen ladan non legal
- Fòm konsantman paran pou minè, ki gen siyati paran oswa gadyen legal
- Paspò, lisans oswa kat idantifikasyon gouvènman lòt peyi bay

3. Adrès kay (pa bwat postal)

Ou pa kapab itilize lisans chofè oswa kat ID ou kòm prèv adrès kay. Kopi ou pran nan Entènèt oswa faks dokiman sa yo akseptab.

Pote **de:**
(Sonje,
toulède dokiman
sa yo fèt pou
gen non ou)

- Papye kay, prè ipotekè, ti liv peman, oswa kontra lokasyon
- Anrejistreman osw tit veyikil Florida (fè kòmman yon kopi nan www.taxcollectorpbc.com)
- Bòdwo sèvis piblik oswa hookup/lòd travay (ki la depi de mwa)
- Fòm DS-2019, Sètifika Kalifikasyon pou kondisyon Vizitè Echanj (J-1)
- Kourye ki sòti nan ajans federal, Leta, Konte oswa Vil (ki la depi de mwa)



Nòt: Depatman Sekirite Teritwa Etazini, Depatman Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon defini yon **imigran** kòm yon moun ki pa Ameriken epi k ap viv Ozetazini anba rezidan pèmanan yo rekonèt legalman ak anrejistre legalman. Moun sa yo rele tou Etranje Rezidan Pèmanan, Moun ki Gen Pèmi Etranje Rezidan, oswa moun ki gen Grinkat.

Pou plis chwa dokiman, ale nan
www.pbctax.com.

Revised 6-10-2015



ANNE M. GANNON
CONSTITUTIONAL TAX COLLECTOR
Serving Palm Beach County

Serving you.